

Sèvis kliyan FPL la pandan COVID-19

FPL konprann jan pandemi kowonaviris la (COVID-19) kontinye boulvèse lavi nou e nou pran detèminasyon pou nou ede kliyan nou yo k ap rankontre difikilte.



Annik rele nou pou jwenn èd

Si w ap rankontre difikilte akòz COVID-19, tanpri se pou ou konnen FPL la pou ede w. Annik rele nou.

- » Nou ofri moun yo **plis tan pou peye e nou pa mande yo peye okenn penalite** si yo dwe FPL yon kòb anreta.
- » Nou kontinye ede kliyan yo jwenn **asistans finansye**.

Asistans finansye pou kliyan k ap rankontre difikilte

Akòz COVID-19, gen asistans finansye siplemantè ki disponib pou kliyan yo atravè pwogram tankou Low Income Home Energy Assistance Program lan (LIHEAP). Mete sou sa, gen plis kliyan ki kalifye pou pwogram sa yo akòz pandemi a.

Ou bezwen èd?

Rele FPL nan **800-226-3545** pou evite yo koupe kouran an lakay ou si w pa t peye.



Plis asistans finansye



Plis kliyan ki kalifye



Se pou ou rele pou jwenn èd

Nou pral kontinye travay nan tèt ansanm ak kliyan yo, konsan n ap fè tout sa nou kapab pou evite koupe kouran an lakay yo si yo pa t peye, yon desizyon nou pran sèlman lè pa gen lòt chwa.